ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№51 (23.459) ● 2017 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 22, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Мэлыжьыхьым и 11 пщІондэ

Республикэм и Іэтащхьэм къыІэта Іуэхур Урысей Федерацэм и Премьер-министрым къыдеІыгъ

Налшык аэропортыр егъэфІэкІуэным трагъэкІуэдэн папщІэ ахьшэр хуэхэныкъмкІэ Іэмалхэм федеральнэ центрыр хэплъэнущ.

АБЫ теухуа лъэІукІэ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий Урысейм и Правительствэм и Унэфащ Медведев Дмитрий зыхуигъэзауэ щытащ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и социально-экономикэ зыужьыныгъэм пыщІа ІуэхуэхмкІэ Правительствэм и комиссэм 2017 гъэм гъатхэпэм и 10-м ЕсэнтІыгу кьалэм щрихьэкІуэкІа зэІуІщэм къыщыщыпсалъэм. Мы кьалэныр дзгъэкІыным къыгурэкІІ имыІэу пыщІащ, жиІащ абы щыгъуэ республикэм и унафэщІым, ди деж къакІуэ туристхэм я бжыгъэм хэгъэхъуэнри КъэбэрдейБалъкъэрым щыпсэухэм я Іуэхуэхэр дзгъэкІынри.

ЗэкІэ къыззэрабжамкІэ, проектым сом меларди 9 текІуэдэнущ.

Республикэм и Іэтащхьэм къиІэта Іуэхур Урысейм и Премьер-министрым къыдиІыгъащ. Абы властым и федеральнэ органхэм яхуигъэува пщэрылъым теухуа официальнэ документыр УФ-м и Правительствэм и сайтым къралъхьащ. А документым ипкъ иткІэ Урысейм Транспортымрэ связькІэ и министерствэм (Соколов М. Ю.), Урысейм ФинансхэмкІэ и министерствэм (Силуанов А. Г.), Урысейм Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм (Орешкин М. С.), Урысейм Кавказ Ищхьэрэм и ІуэхухэмкІэ и министерствэм (Кузнецов Л. В.) хуагъэуващ Налшык и аэропортым и кьэрэ-щІыпІэ-лъэтапІэ гъэугур федеральнэ Іуэхущ и ахьшэкІэ реконструкцэ щІыныр «Урысейм и транспорт Іэнатіэм зегъэужьыныр (2010 - 2020 гъэхэм)» федеральнэ программэ хэхам хэгъэхьэным пыщІа Іуэхум Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэр ящыгъуэу хэплъэну икІи лэжьыгъэу кьалъытэхэр 2017 гъэм мэлыжьыхьым и 11-м фІэмыкІыу Урысей Федерацэм и Правительствэм къыщыхалъхьэну.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэ.

Щытыкіэм дызэрыхуейуэ зихъуэжыркъым

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

Ди газетым зэрытетащ. КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий Правительствэм и Унэм щригъэкІуэкІа зэІущІэм щыхэпльащ республикэм и гъэзугухэр егъэфІэкІуэнымрэ жылагъуэхэр гъэкъэбзэныкмкІэ кьапэщылъ кьалэнхэр зыхуэдэм.

ЗЭХЫХЬЭМ и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м и Премьер-министр **Мусуков Алий**, уху-нысгъэмкІэ, ЖКХ-мрэ гъэзугъэкІмкІэ министр **Къунижь Вячеслав**, щІыуэпс къыгъуэфыгъуэхэмрэ экологиемкІэ министр **Биттиев Хьэким**, кьалэ, муниципальнэ щІыналъэхэм я тхьэмадэхэр, яэыныкъуэ къуажэхэм я унафэщІхэр.

Республикэм и Іэтащхьэм къыззхуэсахэм ягу кьигъэкІыжащ 2017 гъэр УФ-м и Президент Путин Владимир и унафэкІэ ЩІыуэпсым и мльэсу зэрыщытыр.

- Ильэсищ ипэкІэ, 2014 гъэм, къэтІэтауэ щыта мы Іуэхум иджы щІэрыщІэу икІи щІэгъэхуэбжьауэ яужь дихьэжьын хуей мэхъу. БлэкІа зэманым къриубыдэу абы и лъэныкъуэкІэ куэд тхузэфІэкІауэ къэтлъытэжми, щытыкІэм дызэрыхуейуэ зихъуэжакъым, - жиІащ КІуэкІуэ Юрий.

Къэпсэльэм къызэрыхигъэщамкІэ, республикэм иджыри куэд щызэфІагъэкІын хуейщ щыпІэ псори гъэкъэбзэным, кІэрыхубжьэрыхуэр щызэщІэкъуэным, ахэр щрикІут щІыпІэхэр гъэсэиныным хуэгъэзауэ. Абы и лъэныкъуэкІэ Іуэхур щынэхъыкІащ Бахьсэн, Прохладнэ, Шэрэдж, Аруан, Шэджэм, Май районхэм я жылагъуэ зыбжанэмрэ Налшык, Тырныауз, Бахьсэн кьалэхэм я язныныкъуэ хьэблэхэмрэ.

КІуэкІуэ Юрий къызэхуэсахэм гулъытэ щхьэхуэ хуригъэщІащ щІыхуэхэр экологие гъэсэныгъэм щІэпІыкІын зэрыхуейм.

- Дэ щІэмыІуэу дыытепсэльхьыфынущ кІэрыхубжьэрыхуэхэр зэщІэкъуэн зэрыхуейм, арщхьэкІэ ахэр изыкъухьэм дадэмылажьэмэ, мы Іуэхур ипэкІэ тхуэгъэкІуэтэнукъым. Ди деж нэхърэ щытыкІэр щынэхъ Іей щІынальэхэри, дауи, щыІэщ, ауэ нэхъыфІхэр нэхъыбэжщ. Дэ жэнэт унапІэ дисщ. Ди республикэр мэзгъэфІэнэхэмрэ курортхэмкІэ бейщ, хьэщІэ кІуапІэщ, зыгъэпсэхупІащ. Кьеэзэгъыркъым ар дэ дуфлеинри, хуэсакъыу зедмыхьэнри. Абы кьыхэкІыу, муниципальнэ щІыналъэхэм я Іэтащхьэхэм я лжьыгъэр кьызэрэпщыгъэ пщалъэхэм зэхъуэкІыныгъэщІэхэр хэтлъхьащ. Абыхэм ящыщ щыІэ экологие шынагъуэншагъэр кьыззрызэрагъэпэщ щыкІэри, - къыхигъэщащ КІуэкІуэ Юрий.

2016 гъэм ялажьхэхэмрэ дызэрыт илъэсым кьапэщытхэмрэ я гугъу ищІу зэІущІэм кьыщыпсэлъащ КъБР-м щІыуэпсым и хъугъэфІыгъуэзэкІмрэ экологиемкІэ и министр Биттиев Хьэким. Абы жиІаэм пэджэжу, республикэм и Іэтащхьэм кьыхихгъэбелджьыкІащ:

- Мурадхэр хъарзынэщ. Ауэ, псалъэ дахэхэм факъыпыкІыу, Іуэхум феужьэркІын хуейщ. Дэ зэрытщІэмкІэ, кьабзагъэм нэхъ щыкІэлъыплъ щІыпІэхэм ящыщщ федеральнэ гъуэгу нэхъыщхьэм и Іэшэлъашэр. Ауэ, абы зымащІэкІэ нэхъ мыхъуми укъыпыуКІуэтамэ, уи нэгу кьыщІэувэр теплъэгъуэ гурымыхьщ: дэнэкІи щракъуэ кІэрыхубжьэрыхуэхэм уэрэрагъакІуэркъым. ЩІыуэпс хъугъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ министерствэм Іуэхущ Іапіэхэм яригъэпльагъуфхьащ щыналъэр зэлъыІухьным пыщІа Іаужьгъэхэр зэрызэхаублэн хуей щыкІэри. Зи гугъу тщІы Іуэхугъуэхэм теухуауэ Парламентым хабзэгъэув жэрдэмхэр кьыщыкІэт. Фи къэпщытэныгъэхэм кьрикІуэхэм къапэмыджэжхэм тезыр тКІийхэр яхуэзгъэлъагъуэ, - кьыхигъэщхьэхуэкІащ КъБР-м и Іэтащхьэм.

КІуэкІуэ Юрий арэзыкъым псэупІэхэм кьадэхуэ, пкъыгъуэ быдэхэр зыхэль кІэрыхубжьэрыхуэхэр гъэсеиныным, зэхэдзным теухуа щІыналъэ программэр гъэхъэзырным мазих зэрыхуэхамкІэ. Іэтащхьэм ЩІыуэпс хъугъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ министерствэм кьалэн щищІащ Іуэхум ехьэлІа тхьылъыр зы мазэм кьриубыдэу и пащхьэ кьралъхьэжьну.

ЗэлущІэм етІуанэ Іуэхугъуэу щыхэплъащ гъэугъэм я фІагъым. Абыхэм, псори зэхэту, метр зэбгъуэнатІэ мелуан 12 хуэдиз къызэщІащІэу. Зы мелуан нэхърэ мынэхъ мащІэр илъэс къэс зэгъэпэщыжьын хуейщ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджет зэгъэуІуам гъэугу фондым илъэс къэс сом меларди 2,7-м щІигу хуеутІыпщ. КъБР-м и Іэтащхьэм тригъэчыныхьащ а ахъшэр фейдэ пылъу, зэрызэрагъакІуэр нэрылъагъуу кьагъэсэбэпын зэрыхуейм.

ЗэлущІэм зыщытепсэльхьахэм янкъ иткІэ, КъБР-м и Правительствэм пщэрылъ щащІащ кьаІэта Іуэхугъуэхэр зэрызэфІагъэкІыр кІэлъыплъныныгъэ щхьэхуэм щІигъэувэну.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Мардэхэм тетын хуейщ

● Дыгъуасэ

КъБР-м и Правительствэм дыгъуасэ щекІуэкІащ КъэхъукъащІэхэмрэ абыхэм я лъэужьыр гъэкІуэдыжьынымкІэ, мафІэс шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынымкІэ республикэ комиссэм и зэІущІэ. Ар иригъэкІуэкІащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Бэлэтокъуэ Владимир.

ЗЭІУЩІЭР къыщызэІуихым, Бэлэтокъуэм кьыхигъэщащ цІыхум я шынагъуэншагъэр къызэмыгъэпэщауэ жылагъуэм зэрызимыуэжьыфынур. Абы кьыхэкІыу республикэ унафэщІхэр зэпымыууэ иужь итщ къэхъуэкащІэхэр къэмыгъэхъуным е абыхэм я лъэужьыр псынщІэу зэрагъэкІуэдыжьным.

- Дызэрыщыгъуаз эщщ, 2016 гъэм кьэхъукъащІэ зэхуэмыдэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІащ. Апхуэдэт Тырныауз кьалэм газыр зэрагутІыпщ мардэхэр кьыззрыщызэпыудар, Бахьсэн районым кьыщыуа газым зы сабий зэриукІар, Май щІынальэм, Налшык кьалэм газым и гуэззыр цІыхухэм я узыншагъэм зэран зэращыхуэхьуар, Іуащхьэмахуэ лІапэм кьыщеха уэсукхъуэм зыгъэпсэхуакІуэ зыбжанэ зэрыхэкІуэдар. Ди кьалэн нэхъыщхьэр зи гугъу щІы мы кьэхъукъащІэ шынагъуэхэм хуэдэхэр къэмыгъэхъуныращ, сыкуейт абыкІэ жэуап зыхьхэм я кьалэным нэгъэсауэ пэрытну. Псом япэращ, цІыхухэм и зэманым хьІбар егъэщІапхъэщ щІынальэм кьыщыхьнкІэ хъуну кьэхъукъащІэхэм ятеухуауэ, - жиІащ Бэлэтокъуэ Владимир.

ЗэлущІэм комиссэм хэтхэр щытепсэльхьахащ псыр кьыщиу зэманым Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэрыхуэхьэзырым, фэтэр куэду зэхэт унэхэм мардэхэм тету газыр кьыщагъэсэбэпын щхьэкІэ ирагъэкІыжауэ кьрикІуэнкІэ лэжьыгъэм, цІыхушхуэ зэкІуалІэ Іуэхущ Іапіэхэм мафІэс шынагъуэншагъэр къызэрыщыізэгъэпэщам, уз Іей зыпкърыта Іэщхэр щыщІатІэ щІыпІэхэм я щытыкІэм, нэгъуэщІхэм.

ЗэлущІэм теухуа тхыгъэ нэхъ убгъуауэ тетынущ ди газетым и къыкІэлъыкІуэ къыдэкІыгъуэм.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Афияным хущІыхьэгъуэкІэ упэщІэт хъунукъым

Псори зыгъэпІейтей щІэпхъаджагъэхэм арагъэру топсэльхьыхь

Дыгъуасэ КІуэкІуэ Юрий Правительствэм и Унэм щригъэкІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Наркотикхэм япэщІэтыныкІэ и комиссэм и зэІущІэ. Абы хэтащ Федеральнэ инспектор нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэ **Канунников Владимир**, КъБР-м и Парламентым и Іэтащхьэ **Егоровэ Татьянэ**, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІ **Мусуков Алий**, КъБР-м Экономикэ, жылагъуэ щынагъуэншагъэмкІэ и советым и секретарь **Емкъуж Алик**, хабзэхъыжьэ Іэнатіэхэм, министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ, район, кьалэ администрацэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я унафэщІхэр.

ЗэІущІэм щытепсэльыхьащ афиянхэкІэхэм, акъылыр зыгъэутхъуэ нэгъуэщІхэм япыщІауэ ялэжь щІэпхъаджагъэхэм пэщІэтыным, наркотикхэм ятхъэкъуаехэр гъэхъужьным, ахэр гъащІэм хэгъэззэгъэжьным, тутнакъэм наркотик яІэрызыгъэхьэхэм хабзэкІэ япэщІэувэным теухуауэ зэфІагъэкІ Іуэхуэхэм. Республикэм и хабзэхьумэ Іэнатіэхэм 2016 гъэм я лэжьыгъэм къриКІуаехэм, гу нэхъ зыпсытапхъэхэм зэпкърыхауэ къызэхуэсахэр щыгъуаз ящІащ къэрал кІуэцІ ІуэхуэхмкІэ министру КъБР-м щыІэм и къуэдзэ, полицэм и полковник **Мамхэгъ Назиррэ** Тезырхэр егъэпшынымкІэ федеральнэ кьулыкъым и управленэу КъБР-м щыІэм и унафэщІ къэрал кІуэцІ кьулыкъым и полковник **Мэржэхъу Мухьэмэдрэ**.

Іуэхур зытетым ахэр тепсэльыхьа нэужь, КъБР-м и Іэтащхьэ **КІуэкІуэ Юрий** жиІащ:

- Куэд щІакъым дызытепсэльыхь Іуэхуэхэр зи кьалэну щытахэр МВД-м зэрыхагъахьэжрэ. Ар тэмэмщ икІи дызыпэплъащ. АрщхьэкІэ, ари зэрам хуэхъун хуейкъым пэжыдзэгъэ кьыззгъэпэщыныжьрэ абы и фІагъымрэ. ЗэкІэ ар екІэ кІуащ: процент 21,2-кІэ нэхъ мащІэ хуэдэ наркотикхэр игъэкІыным теухуауэ кьыщІагъэщ щІэпхъаджагъэхэр, зэгъэуІуа гупхэм ялэжь щІэпхъаджагъэхэр процент 33,3-кІэ, зэгурыІуауэ ялэжьыр процент 70-кІэ. Афиян зэхьэлъапІэ зыгъэлажьэу кьыщІагъэщари нэхъ мащІэщ.

Гулъытэ зэха зыхуэщІыпхьэу зэІущІэм кьыщагъэлъагъуащ учётым щытхэм кьыстрагъэзэжу ялэжь щІэпхъаджагъэр, наркотикхэкІэр, абы синтетическэхэри хьИхьэу, щыналъэм кьращэнырэ кьызэпыудыныр. КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкі министерствэм, Узыншагъэр хьумэнымкІэ министерствэм, муниципалитетхэм я Іэтащхьэхэм афиным зэрыпэщІэт лэжьыгъэр нэхъри ирагъэфІэкІуэн зэрыхуейр.

ЕджанІэхэм я гугъу щІыщым, афияныр щІауфэну яужь зэритыр кьыхихгъэщу, КІуэкІуэ Юрий жиІащ: «Хэт кьэдгъапцІэр, наркотикым дихьэхауэ зы мащІэ гуэр школхэм кьагъэлъагъуэкІэ? ГурыуІэгъуэщ, дэтхэнэ зы унагъуэм и деж кІи гухэщІ я сабийр наркотикым итхьэкъуамэ е абы хуеплъэкІыу щІидзамэ. Ахэр езыр-езыру абы пэщІэтыну яужь йохъэ, ІэщІыб ирамыгъэщІыфурэ зэманыр макІуэри, гуэзвэгъуэшхэу мэхъу».

ЗэІущІэр зытеухуауэ щытам екьэлІауэ кьалэн пыухыкІахэр хуагъэуващ ар зи пщэрылъхэм. Абыхэм ящыщщ наркотик зыхэль къэкІыгъэхэр игъэкъэбзыкІыныр, наркологие Іуэхутхьэбзэхэр егъэфІэкІуэныр.

ЗэІущІэм кьыщаІэта Іуэхуэхэм теухуа унафэ кьащтащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Денизэ и вагъуэ

● Телъыджэ

Урысей телевидениэм и «Ялэ канальмкІэ» екІуэкІ «Голос. Дети» макъамэ сабий проектым хэтщ Налшык щыщ Хекилаевэ Денизэ.

МЭРЕМ кІуам ди республикэм исхэм ялъэгъащ пщащэ ныбжьыщІэм и зэфІэкІыр здынэсыр икІи, шэч хэлъкъым, и лъахэгъуэм и мызакъуэу, нэтыным еплъа дэтхэнэми абы и уэрэд жыІэкІэр зэрыдыхьам. Апхуэдэу илъэс 11 хъу хъыджэбз щІыкІым и макъ лъэщымкІэ къыдихьэхащ проектым и къэпщытакІуэ гупым хэт уэрэджыІакІуэ щІэрыІуэхэу Меладзе Валерий, Билан Димэ, Нюшэ сымэ.

Макъ зиІэхэр щызэхъагъэкІ Іыхьэм Денизэ щыжиІащ 1996 гъэм Меладзе Валерий къыдигъкІа «Последний романтик» альбомым ихуа «Вера» уэрэдыр. КъэпщытакІуэ гупым хэт дэтхэнэми езым и гупым пщащэр хигъэхьэну щІэхъуэпсми, Денизэ къыхихар Меладзе Валерийщ. Адэкіэ абы и нэІэм щІэту ди лъахэгъу пщащэр проектым и саугъэт нэхъыщхьэм щІэбэнынущ.

- Утыку къыщихьэну чэзум щежьэ дакъикъэхэм Денизэ икъуэкІэ гузэващ, - жеІэ уэрэджыІакІэ ныбжьыщІэм и анэшхуэ, КъБР-м и цІыхубэ артисткэ Хьэмыку Жаннэ. - Ар зэрыгузавэм гу лъатащ нэтыныр езыгъэкІуэкІэу Нагиев Дмитрийрэ Зейналовэ Светланэрэ. Абы теухуауэ Денизэ сэрэ куэдрэ дызэпсэльащ икІи еста чэнджэщхэр Іэзагъэшхуэ хэлъу кьигъэсэбэпащ. Республикэм исхэм зэхъуэту къыдаІыгащ ди хъыджэбз цІыкІум и ехьэлІэныгъэр.

ЦІыху куэд телефонкІэ къэпсалъэурэ къыдэхъуэхъуащ. Социальнэ сетыр къэзгъэсэбэну, Іуэхур къызэрыддаІыгъам папщІэ, сэ фІыщІэ яхуэсщІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм. Осетие Ищхьэрэ-Аланием щыщхэм къыісхуатхат: «Сыт КъБР-м и закъуэ къыщІэвгъэлъэгъуар? Ар дэри дыдейщІ»

Пэжщ, Денизэ щІэтщ лъэпкъищым ялъ: и адэр осетинщ, и анэр куржащ, и анэшхуэр адыгэщ. Хъыджэбз цІыкІур уэрэджыІакІуэ зэрыхъунур дунейм кьыщытехьам дежщегъэжьауэ гурыІуэгъуэт - макъ лъэщ зиІэ, макъамэм хуэгурихуэ сабийуэ зэрыщытым занщІэу гу лъыпІтэрт. Иджыпсту Денизэ щоджэ Налшыкъ дэт, Темыркъан Юрий и цІэр зезыхьэ сабий музыкэ школ №1-м фортепианэмкІэ и классым (егъэджакІуэр Титовэ Людмилэщ), хорым уэрэд щыжиІэ. ХорымкІэ егъэджакІуэ Гридасовэ Иринэ кьелъытэ и гъэсэным макъ телъыджэ и Іуэхущ. Ар зэрыгузавэм гу лъатащ нэтыныр езыгъэкІуэкІэу Нагиев Дмитрийрэ, - жеІэ Гридасовэм.

Ди лъахэгъу пщащэ цІыкІум «Голос. Дети» проектым иджыри гъэуэнэхуныгъэ куэд кьыщыпоплъэри, ехьэлІэныгъэ иІэну дохъуэхъу.

ХЬЭЛЫШХ Данэ.

НОБЫЭ

♦Псыхэм я дунейпсо махуэщ
♦Балтие тенджызым и дунейпсо махуэщ
♦Таксистым и дунейпсо махуэщ. 1907 гъэм Лондон (Инджылыз) и уэрамхэм кьыдихьащ икІуа километр бжыгъэмрэ абы пэкІуэ уасэмрэ кьэзыгъэлъагъуэ счётчикхэр зытет автомобилхэр. Ди зэманым таксизр дуней псом кьыщалъытэ цІыхуэхм Іуэхутхьэбзэ нэхъыбэ дыдэ яхуэзыщІэхэм ящыщу.
♦1897 гъэм «Славянский базар» рестораным и пэш щыхьэхуэм щызэІущІэри зэпсэльыпІащ урыс режиссёр, театр лэжьакІуэ цІэрыІуэхэу Немирович-Данченкэ Владимиррэ Станиславский Константинрэ. Абдеж ахэр щызэгурыІуауэ щытащ Москва художественнэ театр кьыщызэгъэпэщыным теухуауэ. МХТ-р кьыщызэрагъэпэща махуэу кьалъытэ ар.
♦1933 гъэм фашист Германием щащІащ Дахау концлагерыр.
♦1945 гъэм Каир (Мысыр) Хьэрыпхъ рэралхэм я лигэ кьыщызэрагъэпэщащ. Абы хьихьат Мысырыр, Сириер, Ливаныр, Иракыр, Трансиорданиер (иджырей Иорданиер), Саудэ Хьэрыпымрэ Йеменымрэ.
♦1951 гъэм СССР-м лэжьэн щыщІидзащ Телевиденэм и студие нэхъыщхьэм.
♦Актёр цІэрыІуэ, СССР-м и цІыхубэ артист **Жжёнов Георгий** къызэралъхурэ илъэси 102-рэ ирокъу.
♦РСФСР-м щыхь зиІэ и егъэджакІуэ **Жамбэч Мухьэдин** къызэралъхурэ илъэс 89-рэ ирокъу.
♦Биологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессору икІи и япэ ректору щыта, КъБР-мрэ УФ-мрэ щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ **ФиІэпщэ Борис** къызэралъхурэ илъэс 81-рэ ирокъу.
♦Урысей уэрэджыІакІуэ, музыкант, УФ-м щыхь зиІэ и артист **Сноткин Валерий** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 6 - 8, жэщым градуси 2 - 3 щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Уи жьэр инрэ уи щхьэр цІыкІумэ - уунэхъуащ.

Жылагъуэ транспортым и лэжьыгъэр егъэфІэкІуэн

КъБР-м щыпсэухэм транспорт Іуэхутхьэбзэхэр яхуэзыщІэ Іэнатіэм и щытыкІэр егъэфІэкІуэным депутатхэр щытепсэльыхьащ КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зи чэзу зэІущІэм, Правительствэм щыхуахаха зэманым хиубыдэу. А Іуэхум теухуауэ кьэпсэльащ КъБР-м Транспортымрэ связькІэ и къэрал комитетым и унафэщІ Къудей Арсен.

ЦІЫХУХЭМ, экономикэм, къэралым хуэлэжьэным тещІыхьауэ къэралым иригъэкІуэкІ транспорт политикэр пхыгъэкІын мурадкІэ республикэм и Правительствэм 2013 гъэм фокІадэм и 3-м кьищтауэ щытащ 2020 гъэм нэсыху республикэм транспортымкІэ и Іэнатіэм зэрызиужьыну концепцэр. А документыр гъэзэщІэным хуэунэтІащ транспортым пыщІа псомэ ди зэманым ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэр.

Иджыпсту республикэм транспортымкІэ и комплексым хохьэ цІыкІуэр кьешэкІым пыщІа автопредприятэу 19, автовокзалу, автостанцу 7, гъущІ гъэзугу станцу, гъущІ гъэзугу вокзалу 6, зы аэропорт, троллейбусэр зыгъэлажьэ Іуэхущ Іапіэ. А псомэ цІыху мини 3-м щІигу епхащ.

Нэгъабэ ди цІыхуэхм транспорт Іуэхутхьэбзэу сом меларди 4,3-м щІигу и уасэ, 2015 гъэм елъытауэ процент 103,5-рэ хуащІащ.

Ауэ 2016 гъэм псомэ кьагъэсэбэп автомобиль транспортымкІэ цІыху мелуан 50,2-рэ (2016 гъэм елъытауэ процент 95,4-рэ), кьалэм дэт электрическэ транспортымкІэ цІыху мелуан 1,7-рэ (процент 84,2-рэ) кьращэкІауэ ащащ. Абы и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр, Къудей Арсен зэрыжиІамкІэ, республикэм уней транспорту щыІэр зэпымыууэ нэхъыбэ зэрыхъурщ.

Зи узынщагъэр зэкІэлъымыкІуэ цІыхуэхэм транспорт Іуэхутхьэбзэхэр нэхъ нэгъэсауэ кьагъэсэбэпынымкІэ зыхуеину Іэмалхэр зэтрагъэувэн папщІэ «Къэббалъкъ-автотранс-1438» къэрал предприятэм нэгъабэ ахъшэ пыухыкІа ІуэхущІащ. Апхуэдэу республикэм щызекІуэ жылагъуэ транспортыр кьагъэщІэрэщІэжьым хуэунэтІауэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэр кьагъэтІасхъэркъым. «Промышленностым зегъэужьыныр икІи абы и продукцэм иІэ щІэупщІэр кьэІэтыныр» федеральнэ къэрал программэм и «Автомобиль промышленностыр» программэ кьуэдзэм ипкъ иткІэ нэгъабэ газкІэ лажьэ автобус 67-рэ республикэм кьыІэрыхьащ. Абыхэм ящыщу 41-р «Къэббалъкъавтотранс-1438» къэрал предприятэм, 26-р «Такси» акционер зэгухьэныгъэ зэІуэм ираташ.

Къудей Арсен зэрыжиІамкІэ, муниципалитет зэхуакуэм щыізекІуэ пассажир транспортыр ягъэлэжьэну хуит зэращІ тхьылъхэр иратын папщІэ зэІуахуэ ирагъэкІуэкІ конкурсым ипкъ иткІэ апхуэдэ маршрутхэм тет транспортым и бжыгъэр процент 45-47-рэ хуэдизкІэ ягъэмэщІэну я мурадщ, абы и фІыщІэкІэ кьанэ транспортыр нэхъ щІэкъуэзауэ кьагъэсэбэпырщ, кьалэжьми нэхъ хэхъуэнущ. Апхуэдэу транспортыр республикэм и жылагъуэхэм щыкІуэну зэманыр, автобусхэм я куэдагъэр ягъэтэмэмынущ кьуажэхэм я администрацэхэм я Іэтащхьэхэм кьыхалъхьэхэм янкъ иткІэ.

Къэпсэльэм къызжиІащ щыхьэхуэкІащ иджыпсту автомобиль гъэзугухэм зегъэужьыныжьмкІэ лэжьыгъэхэр автомобиль транспортым къызэрыхэхьуэмрэ абыкІэ кьращэкІ хьэлъэхэр нэхъыбэ зэрыхъумрэ къызэрыкІуэр. Аращ транспортым къызэрикІухь псынщІагъым щыкІэрыхуар, ар кьэрэ щІыщытыр, техникэр щІэхъуэтэр. Псомэ кьагъэсэбэп транспортыр тэмэму гъэлэжьэнымкІэ иджыпсту щыІэ гугъуехь нэхъыщхьэхэм ящыщщ автобусхэр и зэманым къызэрамыщхуфыр, жылагъуэ транспортым и Іэнатіэм кьрагъэкІуэ зэрызыщІимыгъэкъуэфыр, автомашинэхэм пкъральхь пкъыгъуэхэм, гъэсныгъэхэмрэ дагъэмрэ, адрей энергием я уасэм зэпымыууэ зэрыхъхъэр. Апхуэдэу иджыри унафэ пыухыкІа тещІыхьа хъуакъым жылагъуэ транспортыр кьагъэсэбэпыным и Іэныкьуэкіэ шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

Жылагъуэ транспортым и лэжьыгъэр егъэфIэкIуэн

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Доклад зыщIам зэIущIэм хэтахэм гу лъаригъэтащ цIыхухэр къезышэкI жылагъуэ транспортыр къызэрагъэсэбэпым фейдэшхуэ кьызэрыпэрымыкIуэр икIи автопредприятэхэм я нэхъыбэр мылькуншэ дыдэ хъуным нэсауэ зэрылажьэр. ЩIалъхъэ Къудей Арсен къихьащ «Къэббалъкъэавтранс-1438» къэрал предприятэр. Абы и автобусхэр нэгъуэщI къэралхэми, щIыналъхэми, муниципалитет зэхуакухэми, езы муниципалитетхэм къриубыдэу щыIэ маршрутхэми щызохIуэ. Апхуэдэ лэжьакIэр кьызыхэкIыр Iэмалыншагъэрц: иужьрей илъэсхэм республикэм гъэзэгупщIэр хамыгъахъуэу щызэтраIыгъащ, гъэсенныпхъэхэм, автомашинэхэм кIэралъхьэ пкъыгъуэхэм я уасэхэм зэпымыоу хэхъуэ пэтми.

Къэпсэлъам апхуэдэу кьыхигъэщащ «Налшык» аэропортым кхъухьлъатэхэр къыщытIыс, щылъатэ, абыхэм зыкъыщагъазэ и гъэзугхэр хуабжьу зэкIэлъымыкIуэ хъууэ зэрыхуежьар икIи ахэр комплекснэу зэгъэпэщыжьын зэрыхуейр. Мы Iэухум иджыпсту зыхуэфащэ IэнатIэхэр хоплъэ.

Докладым щытепсэлъыхьым, КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ щIэупщIащ Мэлбахъуэм и уэрамым хиубыдэу гъущI гъэзугм телъ лъэмыжьр щытрах зэманым кьриубыдэу транспортыр зэрызекIуэну щIыкIэм. Къудей Арсен зэрыжиламкIэ, а лъэхъэнэм автомобилхэр нэхъыбэ щыхъунущ Калюжнэм, Кировым, Идарым я цIэхэр зезыхьэ уэрамхэм, апхуэдэу Къэбэрдей уэрамым. Кировым и уэрамым арыншэми куэд зэрыщыдзекIуэм кьыхэкIыу ар зехьэнымкIэ лэжьыгъэхэм егугъэн хуэйуэ спикерым жиIам ипкъ иткIэ Къудей Арсен къигъэлъэгъащ а уэрамыр егъэфIэкIуэным, асфальт телъхьэным пыщIа лэжьыгъэхэм зэрыщIадзар.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и къэдзэр **Жанатаев Сэлим** къыхигъэщхьэхукIащ языныкъуэ маршрутхэм тет жылагъуэ транспортым и бжыгъэр зэрагъэмащIэм сэбэпынагъышхуэ иIэну кьызэрыщымыхьыр. Къудей Арсен кьытригъэзэжри кьигъэлъэгъащ мы Iуэхум щIадзэн ипэкIэ псори зэрызэпалъытар икIи, нэхъыщхьэ дыдэр арщи, транспортыр зэрызекIуэ графикыр зэрагъэтэмэмар. А псом я фIыгъэкIэ автобусхэр къэзыгъэсэбэпхэр гугъу ехьынукъым, жылагъуэ транспортри зыр адрейм зэран хуэмыхъуу зекIуэнущ.

КъБР-м и Парламентым ЗаконодательствэмкIэ, къэрал уэхуэкIэмкIэ, щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ и комитетым и унафэщI **Мэлбахъуэ Борис** щIэупщIащ «Эльбрус» мафIэгум и лэжьыгъэр зэтегъэуэзжьынымкIэ щыIэ зэкIыпIэхэм.

Депутатхэр зыгъэпIейтей Iэухуэхэм ящыщу а махуэм утыку къралъхьащ Налшык и гъущI гъуэгу вокзалым и зэфIэкIым хэгъэхуэныр, вольфрам-молибден къыщIэхыпIэр зэтегъэуэвэжьнымкIэ проектыр гъэзэщIэным аргуэру гулъытэшхуэ зэрыхуащIам къыхэкIыу Солдатскэ станицэм къыщегъэжьауэ Тырныауз къалэм нэс кIуэ гъущI гъуэгу телъхьэныр.

ЗэIущIэм хэтахэм къапсэлъахэм япкъ иткIэ, зыхуэфащэ Iэнатlэхэм яхуэгъэзэа чэнджэщ пыухыкIахэр хъащтащ. КъБР-м и Правительствэм чэнджэщ ираташ муниципалитетхэм я автотранспорт предприятэхэм я техникэр къэгъэщIэрэщIэжьын папщIэ ират къэрал дэпIыкъуныгъэм зригъэубгъуну, иджыпсту щыIэ транспорт инфраструктурэм зегъэужьынымкIэ лэжьыгъэхэр щIигъэхуэбжьэн икIи апхуэдэ инфраструктурэр республикэм и муниципальнэ щIыналъэ псоми я административнэ центрхэм щызэтегъэувэныр кьызэригъэпэщыну.

КъБР-м Транспортымрэ связымкIэ и къэрал комитетым гу лърагъэтащ щIыхухэм транспорт Iуэхутхьбзэхэр зэрыхуащIэм хуэгъэзэ къэпщытэныгъэр, апхуэдэу щIыхухэмрэ абыхэм яIыгъ хъэлъэхэмрэ такси-кIэ кьызэрырашэкIым хуэунэтIа щIыналъэ къэрал кIэлъыплъныныгъэр гъэткIиин зэрыхуейм.

* * *

ПАРЛАМЕНТЫМ и Президиумым и зэIущIэм депутатхэр щыхэплъащ псори зэхэту Iэхэу тIощIым щIигъум. Абыхэм хиубыдэу федеральнэ закон щхьэхуэхэр кьаэзрыщыхьуам, нэгъуэщI хабзэ мардэ щхьэхуэхэр кьыдэгъэкIыным теухуауэ УФ-м и адрей субъектхэм я парламентархэм кьагъэхьахэм тепсэлъыхьащ.

Унафэ хъащтащ КъБР-м и Парламентым и зи чэзу зэIущIэр 2017 гъэм гъатхэпэм и 30-м ирагъэкIуэкIыну.

Президиумым хэтхэр тепсэлъыхьащ «Республикэ закон щхьэхуэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» КъБР-м и законым и проектым. УиунэгъэмкIэ, псэупIэ-коммуналынэ хозяйствэмрэ гъэсэныпхъэ-энергетикэ комплексымкIэ комитетым и унафэщI **Гриневич Валерий** зэрыжиламкIэ, мы законопроектыр зытеухуар «ПсэупIэхэр ухуэным зегъэубгъуным зэрызыщIагъакъуэм и IэхуэкIэ» Федеральнэ законымрэ Урысей Федерацэм и закон акт щхьэхуэхэмрэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Федеральнэ закон №221-ФЗ-м ипкъ иткIэ республикэ законхэм кьыщагъэсэбэп мардэ щхьэхуэхэр гъэтэмэмыжьныр.

Абы къыдэкIуэу депутатхэр хэплъащ «Урысей Федерацэм и субъектхэм я кърал властым и лIыкIыу (законхэр къыдэзыгъэкI), гъэзэщIакIуэ органхэр кьызэгъэпэщыныкIэ псоми я зэхуэдэ хабзэхэм ятеухуауэ) Федеральнэ законым и 21-нэ статьям зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Федеральнэ законым и проектым. Ар игъэхьэзыращ КъБР-м и Парламентым ЗаконодательствэмкIэ, къэрал уэхуэкIэмкIэ, щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ и комитетым и унафэщI **Мэлбахъуэ Борис** щIэупщIащ «Эльбрус» мафIэгум и лэжьыгъэр зэтегъэуэвэжьнымкIэ щыIэ зэкIыпIэхэм.

Депутатхэр зыгъэпIейтей Iэухуэхэм ящыщу а махуэм утыку къралъхьащ Налшык и гъущI гъуэгу вокзалым и зэфIэкIым хэгъэхуэныр, вольфрам-молибден къыщIэхыпIэр зэтегъэуэвэжьнымкIэ проектыр гъэзэщIэным аргуэру гулъытэшхуэ зэрыхуащIам къыхэкIыу Солдатскэ станицэм къыщегъэжьауэ Тырныауз къалэм нэс кIуэ гъущI гъуэгу телъхьэныр.

Зы лIы ныбжь урокъу

● Лъэпкъ Iуэху

Алътуд Юрий

Сэхъурокъуэ Хьэутий

ХьэфIыщIэ Мухьэмэд ХъутIэжь Заудин егъэлъапIэ.


ХьэкIуащэ Андрей

КъБКъУ-м Темыркъан Хьэту и цIэр зезыхьэ и щэнхабзэ центрым гуфIэгъуэ тIуащIэ - университетым адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкIэ и кафедрэр къыззрызэрагъэпэщрэ илъэс 85-рэ зэрырикъумрэ Адыгэбзэм и маХуэмрэ - щагъэлъэпIащ иджыблагъэ. Зэхьихьэ гуапэр ирагъэкIуэкIащ журналист, пародист Дзэгъащтэ Азэмэтрэ КъБКъУ-м щеджэ Къагъырмэс ФатIимэрэ.

ЗЭХЬИХЬЭР кьызэIуихащ филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБКъУ-м Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъхъэм я литературэмрэ IуэрыlуатэмкIэ и кафедрэм и унафэщI **ТIымыжь Хьэмыщэ**. Абы кьызэхуэсахэм ягу кьигъэкIыжащ адыгэбзэмкIэ кафедрэм и тхыдэмрэ лъэпкъ тхыбзэм кьызэпича гъуэгуанэ купщIафIэмрэ.

КъБКъУ-м и ректор, профессор **Алътуд Юрий** зэхьихьэм зыкъэрезыгъэхъэлIаХэм фIыщIэ яхуищащ икIи абыхэм захуигъэзащ я анэдалъхубзэмрэ я хабзэмрэ яхьымэжыну, хуэфащэ гулъытэ хуащIыну. Ректорым кьыхигъэщащ адыгэбзэмрэ литературэмкIэ кафедрэм гъуэгуанэ кIыхь икIи дахэ кьызэрикIуар, щылэжьа нэхъыжьхэмрэ ноби а IэнатIэм пэрыт щIыхуэ гуащIафIэхэмрэ пщIэрэ фIыщIэрэ зэрахуэфащэр, абыхэм я лэжьыгъэр егъэфIэкIуэным я зэфIэкIрэ мылъкурэ зэрырахьлIэнур.

- ПIэщIыгъуэ зыбжанэкIэ узэIэбэкIыжмэ, жьэрыIуатэбзэкIэ Iуэхуэхэр зэфIэкIыу щытамэ, иджырей гъащIэм тхыбзэ уимыIэу уэхпсэуэкIыну гугъущ. Адыгэ тхыбзэм хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIахэр, ноби абы зезыгъэужьхэр ди мащIэкъым. Дыщогугъ абы зезыгъэузэщIынухэр дяпэкIи куэду кьытщIэжьуну! - жиIащ КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм и ЩIэныгъэ-методикэ центрым и унафэщI, сурэтыщI **Жылэ Анатолэ**.

- КъБКъУ-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и кафедрэм и егъэджакIуэхэр узыншэу куэдрэ Тхьэм ди япэ фригъэтI! Ноби ощыгъупщрэкым сезыгъэхуэну Урыс Хьэталий, Нало Ахьмэдхъан, КIащ Тамарэ, Щэмбэчокъуэ Iэдэм сымэ. Къудамэм и лэжьакIуэхэми хуэдэу, ар къэзыухахэри дызытелажьэр анэдэлъхубзэм и Iэхур ипэкIэ гъэкIуэтэныращ, ар хъумэныращ, щIэблэм яIурылъхьэныращ. Адыгэбзэм езыгъаджу Iэщщагъэлl 1000-м щIигъу республикэм диIэщ. Бзэр егъэджэным и мызакъуэу, абыхэм я къалэнщ сабийхэр хэкупсэу, кьызыхэкIам гууз-лыуз хуаIэу кьагъэхъуну, - кьыхигъэщащ КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэмкlэ и министерствэм лъэпкъ щIэныгъэхэмкIэ и къудамэм и унафэщI, ХьэтIохъуцокъуэ Къазий и щIэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэм и тхьэмадэ **Табыщ Мурат**. - Илъэс 85-р зы лIы ныбжь ирикъуу аращ. Кафедрэм кьикIуа гъуэгуанэ дахэр иджыри нэхъ бгъуфIэ хъуну си гуапэщ. Кьызэхуэсахэм сызилIыкIуэ министерствэмрэ Адыгэбзэ Хасэмрэ я цIэкIэ сыныбжьхъэхъу ди адыгэбзэ къулейм и гъащIэр нэхъри кIыхь хъуну, ефIэкIуэну, абы зезыгъэужьынухэр куэду кьытхэкIыну.

- Адыгэбзэм телажьэ дызэрыгушхуэ щIэныгъэлIэр ди мащIэкъым. Псом хуэмыдэу гуапэщ си къуажэгъу Борыкъуеий ПIутIэ и гуащIэм ноби пщIэ зэрыхуащIыр. Адыгэбзэр езыгъадж, абы хуеджэ дэтхэнэми сыныбжьхъэхъу ди бзэм и дахагъэмрэ и Iэфlагъэмрэ щIэблэм зэрабгъэдэфлъхьэн, ахэр кьызэрыщдэфхьэкIын, зэрыщущин акIыл фиIэу фи Iэнатlэр ефхьэкIыну, фи лэжьыгъэм и хъеррэ и пщIэрэ флъагъуу, кьыхэфха Iэщщагъэм фыщIемыгъуэжу, фыхуэпэжу фылэжьэну, - жиIащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и президент **Сэхъурокъуэ Хьэутий**. - Адыгэр дуней псом щикъуэха хъуами, хэкужьым исхэм ди бзэр тхъумэжыну ди къалэнщ.

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и вице-президент, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **ХьэфIыщIэ Мухьэмэд** игу кьигъэкIыжащ КъБКъУ-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм зэрыщедджар, я курсым щIэсахэм тхаIуэ, щIэныгъэхэм я доктор, журналист жьпIэми, цIыху щIэрыIуэ куэд кьаззэрыхэкIар. Езыгъэджауэ щытахэм фIыщIэ яхуища нэужь, ХьэфIыщIэ Мухьэмэд и гуапэу кьыхигъэщащ «Адыгэ псалъэ», «Адыгэ макъ», «Черкес хэку» газетхэм гъатхэпэм и 14-м зэгъусэу къыдагъэкIа номер зэгуэтыр Адыгэбзэм и махуэм зэрытрауху. Апхуэдэу жиIащ �щIДАА-м, «Адыгэ псалъэ» газетым, ДАХ-м къэбгъэдэкIыу тхыпIэ 100 кафедрэм тыгъэ зэрырыущIыр.

КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ, ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэмкlэ и министерствэхэм, Адыгэбзэ Хасэм, ДАХ-м, КъАХ-м, ЩIДАА-м къабгъэдэкIыу тхыпIэ тхыльхэр адыгэбзэмкIэ, Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъхэм я литературэмрэ Iуэрыlуатэмкlэ кафедрэхэм я лэжьакIуэхэм ящыщу зыхуагъэфащэхэм иратыжащ Табыщ Мурат, Сэхъурокъуэ Хьэутий, ХьэфIыщIэ Мухьэмэд, Жылэ Анатолэ сымэ.

Адэкlэ Дзэгъащтэ Азэмэтрэ Къагъырмэс ФатIимэрэ къеджащ Тыркум щыIэ «КАФФЕД»-м и Хасащхьэм и тхьэмадэ Хьэгъундокъуэ Яшар, Хъэрэшей-Шэрджэс къэрал университетым и ректор Уэдеков Таусултlан сымэ, нэгъуэщIхэми КъБКъУ-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и кафедрэр кьызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 85-рэ зэрырикъумрэ, Адыгэбзэм и махуэмрэ я щIыхькIэ кьагъэхьа хъуэхъу тхыгъэхэм. Апхуэдэу экранымкIэ кьагъэлъэгъуащ гъунэгъу республикэхэм, хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм ящыщу хъуэхъукIэ зыкъыгъэзыгъэзэжэр. Апхуэдэт, псалъэм папщIэ, Тыркум щыпсэу ди лъэпкъэгъу журналист, хэкурыс адыгэхэмрэ нэгъуэщI щIыпIэхэм щыпсэухэмрэ зэпызыщIэ лъэмыжьр зыгъэбыдэну зи хъуэпсапIэ Емуэ Баязыт.

Адыгэбзэмкlэ кафедрэм и унафэщI, филологие щIэныгъэхэм я кандидат **Къардэн Мусэдин** кьыхигъащащ бзэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа щIэныгъэлI нэхъыжьыфIхэм я IэдакъэщlакIэхэм ирипагэу мытIысыжу, щхьэж хуэзфIэкI бзэр щIэныгъэм халъхьэну езыхэми къаззрыIыысыр, зэманым къахуигъэув зэхъуэкIыныгъэщIэхэм тету, я кафедрэм и лэжьыгъэр зэрауб-зыхур.

- Адыгэбзэ кафедрэм щыхиубгъу дыщолажьэ. ЕгъэджакIуэхэр жыджэру дыхэтщ Адыгэ, Къэрэшей-Шэрджэс, Абхъаз республикэхэм, Тыркум щекIуэкI конференцэм. Студент 96-рэ диIэщ. Абыхэм ящыщу 29-р магистратурэм щоджэ. Еджакlуэхэр къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм кьыхьидошэ. КьищынэмыщIауэ, радиом, телевиденэм, газетхэм я лэжьыгъэм хьдогъэгуащэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и радиомрэ КъБКъУ-мрэ зэращIылIа зэгурыIуэныгъэм тету, студентхэм нэтынхэр ягъэхьэзыр, нэтын зэхуакухэм дагъэувэну псалъэжьхэмрэ усэхэмрэ кьоджэ. А Iуэху гуапэм дытезыгъэгушхуахэу Къардэн Аслъэнрэ Теубэжьыкъуэ Марьянэрэ фIыщIэ яхуэфащащ. Адыгэ лэжьырытхэ псалъалъэр мы гъэм дгъэхьэзыращ, ди студентхэр ди дэIепыкъуэгъуэу, - жиIащ Къардэн Мусэдин.

ЗэIущIэм кьыщыпсэлъащ филологие щIэныгъэхэм я доктор **ХьэкIуащэ Андрей**, зэдзэкIакIуэ, юрист **Хъуажь Фахьри**, филологие щIэныгъэхэм я кандидат **УнэIокъуэ Вячеслав** сымэ.

КъБКъУ-м егъэджэныгъэ, гъэсэныгъэ лэжьыгъэхэр кьызэрызэрагъэпэщым теухуа нэтынхэр экранкIэ кьагъэлъэгъуащ. Зэхьихьэр ягъэдэхащ КъБКъУ-м щеджэ Дым Аслъэнджэрий, университетым уэрэдымрэ кьафэмкIэ и «Амикс» театрым хэтхэу Шагъыр Астемыррэ Насып Астемыррэ, Кэнжэ кьуажэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм и лэжьакIуэхэу Вындыжь Аскэррэ ФиIэпщэ Дианэрэ, «Бзабзэ» ансамблым и пшынауэ Тхьэлыджокъуэ Сюзаннэ сымэ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.


Хъуажь Фахьри

Пшыхьыр зыгъэдэхахэр.

Къардэн Мусэдин зэпеуэм пашэ щыхъуахэр егъэпажэ.

ЦIыпIынэ зэкъуэшхэм - Оздемыррэ Идаррэ - я адэ Аслъэн и цIэр зезыхьэ стипендиер зыхуагъэфащам ираты*ж. Суретхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Шырыт Хьэжсет и цIэкIэ

● Фэеплъ

Нартан къуажэм дэт школ-интернат №95-м иджыблагъэ щызэхэтащ Шырыт Хьэжсет и фэеплъ зэхъэзэхуэ. Ар къызэрагъэпэщащ КъБР-м СтрайкболымкIэ и федерацэм, Калашниковым и щIэр зезыхьэ Дзэ-фочауэ зэгухьэныгъэм, КъБР-м и Фочауэ зэгухьэныгъэм, школ-интернат №95-м ОБЖ-мкIэ и егъэджакIуэ Гулэжьин Беслъэн, физическэ щэнхабзэмрэ спортымкIэ и егъэджакIуэ Хъуран Жаннэ сымэ. Зэхъэзэхуэм и судьи нэхъыщхьэу щытащ ДОСААФ-м КъБР-м щIиэ къудамэм и унафэщIым и къудзэ МацIыхъу Хъусен.

ФЭЕПЛЪ зэхьихьэр кьыщызэIуахым хэтащ школ-интернат №95-м и унафэщIым и къудзэ Тау Элеонорэ, Шырыт лъэпкъым щыщхэр.

- ИкъукIэ ди гуапэщ нобэ мыпхуэдэ фэеплъ зэхьэзэхуэ Шырыт Хьэжсет и фэеплъу кьызэрызэвгъэпэщар. Фэ фи фIыгъэкIэ щIалэгъуалэм нэхъ гъунэгъуу щыгъуазэ защIыфынущ ди кьэушым и дуней тетыкIам. Апхуэдизкэр ди щапхъэура ди кьэкIуэнури нэхъыфI зэрыхъунур си фIэщ мэхъу, - захуигъэзащ кьызэхуэсахэм лъэпкъым и лIыкIуэ Шырыт Аслъэн.

Шырыт Хьэжсет ХьэтIощIыкъуэ и къуэр 1904 гъэм Нартан къуажэм кьыщалъхуащ. 1942 гъэм Ростов областым щыщ Мартыновкэ жылагъуэм пэмыжьыжьэу еблагъэрэ 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шу дивизэм и 297-нэ полкым унафэ кьыIэрыхьащ Батраевскэ жылагъуэр нэмыцэ зэрыпхъуэкIуэхэм кьыIэщIахьжу, ипэкIэ кIуэтэну. Полкым и комиссар Шырыт Хьэжсет губзыгъэу зэхигъэува ебгъэрыкIуэныгъэ планым и фIыгъэкIэ жылагъуэр бийм кьыIэщIагъэкIыжащ. АрщхьэкIэ, зэман дэкIри, дэIепыкъуныгъэ кьызыхуэкIуа зэрыпхъуакIуэхэр аргуэру къеблагъэрыкIуэу хуежьащ. Абыи жыджэру пэщIэтащ Шырытыр зыхэт полкыр. УIэгъэ хъуауэ лъыр кьыпыж пэтми, Хьэжсет кьикIуэта къым икIи а зэхэуэм текIуэныгъэ кьыщахьащ. Абы щыгъуэм нэмыцэхэм яфIэкIуэдащ танк 17, бронеавтомобилу 5, хьэпшыпэ зэрылъ автомашинэшхуэу 19-рэ щIыху кьызэрыращэжIыу 9-рэ, Iэщэ куэд, лъэсыдзэу батальони 3-м нэблагъэ.

«УнафэщIхэм кьыхуагъэува кьалэнхэр нэсу зэригъэзэщIам, зэхэуэр Iэзэу зэрыригъэкIам, щапхъэ кьигъэлъэгъуам папщIэ Шырыт Хьэжсет хуэфащэщ Правительствэм и дамыгъэ нэхъыщхьэр - Совет Союзым и ЛIыхъужьыкIэ етыныр», - иткхуэ щытащ 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шуудзэм и командиру щыта, дзэм кьыхэкIыжа генерал-майор Скороход А. 1967 мазаем и 15-м.

Ростов областым уIэгъэ щыхъуа Шырытыр дзэм кьыхэкIыжа нэужь, 1943 гъэм Бахъсэн районым и райкомым и япэ секретару хахащ. КъыкIэлъыкIуэ илъэсым республикэм финансхэмкIэ и наркомым и къуэдзэу ягъэуващ. А гъэ дыдэм Хьэжсет кьалэн щащIащ Лэскэн районым и япэ секретару лэжьэну. Абы и нэIэ щIэту щIыналъэм кьыщалIэтыжащ зэрыпхъуакIуэхэм зэтракъута цIыхубз хозяйствэр. Псори щIэрыщIэу кьызэрагъэпэщыжри, республикэм щIынэхъыщхьэ хибжэ хъужауэ щытащ.

КьищынэмыщIауэ, Шырыт Хьэжсет кьыхуагъэфащащ республикэм и Iэ-лIыкIыу гъаIэ куэд. Сыт хуэдэ кьалэнри нэгъэсауэ, щапхъэ кьигъэлъагъуэу абы ирихьэкIащ. Шырыт Хьэжсет дунейм ехьжащ 1969 гъэм.

Нартан къуажэм дэт школ-интернат №95-м щызэхэта фэеплъ зэхьэзэхуэм щызэпеуащ фоч гъэузнымкIэ, зыщIэIэтэныкIэ, гранатэ дзынымкIэ, жьыжьэу лъэнымкIэ.

Гуп зэпеуэм япэ увыпIэр щиубыдащ Нартан къуажэм дэт школ-интернат №95-м. Курыт еджапIэ №2-р етIуанэщ. Абыхэм къакIэлъокIуэ а къуажэм и школ №1-р.

Зыхэта лIэужьыгъуэхэм пашэ щыхъуащ Фырэ Къанчемыр, ДыщэкI Тамерлан, Бжэмбей Темирлан, Шихриевэ Миланэ, Бекъул Иринэ сымэ.

ЖЬILАСЭ Замир.

Урысей Федерацэм и цIыхубэ артист Токъуий Хъусен и щапхъэ дахэр 90

РСФСР-м щIыхь зиIэ, УФ-м и цIыхубэ артист Токъуий Хъусен ящыщщ цIыхухэм гукъэдж ин езытахэм, ди лъэпкъ театр гъэзэджэм зезыгъэужьу абы набдзэ хуэхъуахэм.

Токъуий Хъусен 1927 гъэм мазаем и 5-м Нартан (Къуалышийхьэблэ) къуажэм къыщалъхуащ. Ар къызыхуигъэщIар сценэрт. Пасэ дыдэу, Нартан къуажэм и курыт еджапIэм щыщIэсым, спектаклхэм дахьэхуу, Налшык къажIуэурэ театрым «щыхьэщIэу» щытащ. 1945 гъэм ар щIэтIысхьащ Лъэпкъ театрым и унэм къыщызэIуаха студием. Абы илъэсищкIэ щеджащ, кърат дерсхэр зыхилъхьэу, артистхэм я лэжьэкIэри и нэгу щIэкIыу. Студиер къызэриухуу, театрым лэжьэн щыщIидзащ. Псэемыблэжу и IэнатIэм бгъэдэтащ, спектакль зэмылIэужьыгъуэхэм роль нэхъыщхьэхэр щигъэзащIэу.

Роль щитIым щIигъу ищIащ Токъуий Хъусен. Абы и лIыхъужьхэм я образхэр зэхэплъхьэжмэ, адыгэлI щэджащэм и образ уардэр нэрылъагъуу уи нэгу къыщIэзыгъэхъащ. Къэбгъэльагъуэмэ, лIыхъужь ролу нэхъыбэ дыдэ адыгэ театрым щызыгъэзэщIар Токъуий Хъусенщ. Апхуэдэу «Тыргъэтауэ», «Эдип» пьесэхэм къытращIыкIа спектаклхэм Токъуийр зэрыщыджэгуар куэдым ягу дыхьащ икIи гукъинэж ящыхъуащ. Ар ящыщу къалъытэрт псэкIэ джэгу актёр Iэзэхэм.

Хъусен и лжьыгъэм щытхъухэр, дамыгъэ лъапIэхэр къыпэкIуащ. ЗэфIэкI зэриIэр, и къалэнхэм гуро псэкIэ зэрегъуйр наIуэ къэхъури, пщIэми ину зиIэтащ. Артист щэджащэм тхуэнейрэ къыхуагъэфэщащ КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и ЩIыхь тхылъыр, Профсоюзхэм я Къалмыкъ область Советым, Адыгейм Щэнхабзэмкlэ и управленэм, Театрхэм я урысейпсо еплъыныгъэм зэрыщытекIуам, Къэбэрдей-Балъкъэрым Щэнхабзэмкlэ и министерствэм, Радиомрэ телевиденэмкlэ къэрал комитетым я щIыхь тхылъхэр, «Хэку зауэшхуэм и зэманым зыхэта псэемыблэжь лэжьыгъэм папщIэ», «Хэку зауэшхуэм къыщыхъа ТекIуэныгъэр илъэс 50 щрикъум иригъэлIэу» медалхэр, «Ленин» орденыр.

Токъуий Хъусен и Хэкумрэ лъэпкъымрэ хуэпэж икIи хуэфащэ адыгэлI щыпкъэу псэуащ. Абы и гуащIэр ноби цIыхухэм ящыгъупщэркъым.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Гъащ!э гъусэ

Сценэм къызэрихьэу уэзщIэзыубыдэ, гурыгъу-гурыщIэ куу къыпIкърызыгъэхьэхэм ящыщщ РСФСР-м и цIыхубэ артист Токъуий Хъусен. Къэбэрдей-Балъкъэр театр гъэзэджэм къикIуа гъэзэуанэр, къихьа зыужьныгъэр абы и цIэм къыгъэхьипIэ имыIэу епхащ.

ДЖЭГУУ сценэм щиткIэ театрым уэзрыщIэсыр пщызыгъэгъупщэ, уи нэгу щIэкI псоми уэри уэхту къыпIущIызыгъэхьу актёрхэр щыIащ. Абыхэм уагъэгуфIэ, уагъэгузавэ, уагъэпIейтей, уэзгуагъэп. Ауэ, мис спектаклыр еух. Сценэр зэхуащIыж. Театрым и уэздыгъэхэр ягъэункIыфIыж. ЦIыхухэр зэбгрокIыж. Яэныкъэхэм деж къыхэзрыхъуж хуэдэу, актёр Iэзэм къигъэщIа образыр кIуэдыжьыркъым. Ар, гумрэ псэмрэ дыхьащи, гъащIэ гъусэ пхуохъу.

Токъуий Хъусен театрепIэ минхэм фIыуэ ялъэгъуащ икIи абы и Iэзэгъэм итхьэкъуахэм къащдохъу ар зыхэмыт спектаклрэ зыгуэр хущыщIэ хуэдэу. Дауи, артистым дежкIэ абы нэхъ лъапIэ щыIэкъым. Езы Хъусени сценэншэу и гъащIэр и нэгу къыхущIэгъэхьэртэкъым. Дауэ гъэзэджэм и гъэгу гугъум теува ар? ЗэрымыщIэкIэ. Хъусен и хъуэпсапIэхэм зэи къыхихьэртэкъым артист хъуну. Нартан курыт школым и художественнэ самодеятельностым жьыджэру хэтми, ар зыщIэхъуэпсыр механизатор хъунырт. Зауэ нэужь лъэхъэнэм а Iэщ!агъэм нэхъ пщIэшхуэ зиIэ къуажэм щыIэтэкъым.

Ауэ махуэ гуэрым Токъуийм щыхьэщIащ Къэбэрдей-Балъкъэр драмтеатрым и артист Щхьэгъэпсо Мухэмэд, «НакIуэ театрым, уеджэнщ, артист ухъунщ. Уэ зыгуэр къыпхэкIынущ», - жриIащ абы щIалэщIэм. Хъусен, зыкъомрэ темыгушхуами, арэзы хъуащ.

Ауэ Iэхэр зыщыпэмыплъам къыщыкъэкIащ. Театр студием щIагъэтIысхьэнухэр ирикъуат. Хъусен мурад зыхуищIа Iэхэум пикIуэтыжыну и мурадтэкъыми и актёр лжьыгъэм щIидзащ театрым и пщIантIэпхъэнкIыу. Пэжщ, абы пщIантIэ ипхъэнкIакъым, унафэм апхуэдэу ираткъэри, студием щрагъэджащ.

Артист куэд щыIэу къыщIэкIынкъым Хъусен хуэдэу занщIэу зи насып кIыкIа. Студиер къызэриухуу, ролыфIхэр ирату щIидзащ. ИкIи ягъэ дыдэу сценэм къыщихьа махуэхэм щыщIэдзащ абы къыгъэлъэгъуащ зэфIэкI зэриIэр, адрейхэм зэрызапимыщIыкынур, атIэ езым и лъагъуэ гъуэзджэм зэрыщыпхишынур.

АРТИСТ насып... Ар зэманым къигъэув Iуэхугъуэ инхэм пэджж ролхэр къуатынырщ, пщIа образыр къохъулIэу цIыхухэм гукъинэж ящыхъунырщ. Абы и лъэныкъэхэр Хъусен и актёр гъащIэр насыпыфIэт.

Токъуийм и зэфIэкIым нэхъри зыкъыщитIэтащ «Къамботрэ Лацэрэ» спектаклым. Абы щигъэзэщIащ роль нэхъыщхьэр - Къамбот и ролыр. Пэжщ, Къамбот нэгъуэщI лъэхъэнэм и бынщ, Щоджэнщ!ыкIу Алий и роман уахътынщэм къыхэтащ!ыкIа адыгэлI пхъашэм етIуанэ гъащIэ сценэм щриташ Хъусен.

Абы екъулIэныгъэшхуэ зэриIам ушытепсэлъыхькIэ гулъытэншэу къэбгъанэ хъунукъым мыпхуэдэ зы Iуэхугъуи. А екъулIэныгъэм и хэкIыпIэхэм ящыщ зыщ джэгуэгъуфIыр. Апхуэдэ джэгуэгъут Сыбэч Быхуэ. А тIуми роль нэхъыщхьэхэр спектакль куэдым щызыдгъэзэщIащ.

Хъусен и зэфIэкIым къуохъ ин иIэт. Апхуэдэу фIыуэ ар щыджэгуащ урыс, хамэ къэрал классикэ пьесэхэми: Островский Александр и Iэдакъэщ!экIэхэм, Шекспир и «Ромеорэ Джульеттэрэ» трагедие уахътыншэм, совет драматургхэм я пьесэхэу ди нобэрей цIыхухэр зи лIыхъужь нэхъыщхьэхэм.

Сыт Токъуийм ищIа образхэр апхуэдэу гукъинэж зыщIар? Псом япэу зи роль иригъэзащIэ цIыхухэм я гупсысэхэр тэмэму зэрыдигъэлъагъуфырщ. Абы и щапхъэщ КIыщокъуэ Алим и «Гъэгуанэ» драмэм хэт Аслъэнджэрий и образыр. УмыпIейтеин плъэкIыркъым зи хэкум пэIощIэ хъуа цIыхум и псэм щыщIэр зыхуэдизыр Хъусен щыдигъэльагъукIэ. Сыт хуэдизу ихъэзаб телъ Аслъэнджэрий! Зауэм щыгъуэ гъэрыпIэ ихуэу Тыркум къыщыхута адыгэлIым и псэм итъэвэр уигъэпIейтейуэ, уеблэмэ уи щхьэфэщыр игъэтэджу артистым и нэгум къощ. Абы и псалъэхэм къыхэIукI щэIум уи гущIэм зыкъэрегъаз.

Хъусен и Iэзагъэм ди республикэм къыдэкIуэу Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм я гуащIэрыпсэуэхэр щыгъуазэт. Токъуийм Iэгуаруэхуэ хуаIэтащ москвадэсхэми.

МЭЗЫХЬЭ Борис, *тхакIуэ.*

● Лэжьэгъуэхэм я псалъэ

Нобэр къыздэсым

КIэмыргуей Валентин:

- Дэ еджакIуэ дыкъыщикIыжкам Токъуий Хъусен лIыкут, и гупсысэкIэкIи, и теплъэкIи зэпIэзэрыт. Ар гу къабзэ, псэхъэлэ зиIэ цIыху пэжт, Iущт, уепсэльыльIэну гъэщIэгъуэнт. Балигъхэми сабийхэми фIыуэ ялъагъу актёрт.

«Шарф любимой» фильмым Токъуий Хъусен КIуэкIуэ Тамарэрэ ТIыхъужь Алийрэ я гъусэу гукъинэжу щыджэгуащ. «ЩIыщIэ къэIэта», «Пащ!тыхьымрэ пащтыхь гуащэмрэ», «Тыргъэтауэ» спектаклхэм щищIа ролхэр цIыхубэм гунэс ящыхъуауэ нобэр къыздэсым пьесэхэу ди нобэрей цIыхухэр зи лIыхъужь нэхъыщхьэхэм.

Шыбзыхъуэ Басир:

- Хъусен илъэс куэдкIэ сыдэлажьащ. Ерчэн Леонид игъэувауэ щыта «Епщыкl!ущанэ председатель» спектаклым председателым и ролыр тIуми чэзууэ щыдгъэзэщIэну къыщыхтхуихуэм къыздэIэпыкъуащ, чэнджащ щхьэпэхэр къызиту. А зэманым Совет Союз псом щагъэуващ а спектаклыр.

И гуащIэм къыпэкIуа пщIэм зэи къызыфIигъэщIыжакъым Токъуийр. Дапхуэдизу и цIыхухэр яIэтами, цIыху къызэрыгуэкIыу къэнэжат. Ар зи нэгум нурыр кърих цIыху щыпкъэт, куэд зэпэзыщэчт. Нэхъ сигу кьинэжараци, нэхъыщIэхэми Хъусен зыкъыддригъэкIуат, пщIэ къытхуищIырт. Апхуэдэу IэфIу, гуапэу дигу кьинэжащ ди лэжьэгъу Токъуий Хъусен.

Щэрмэт Людмилэ:

- Хъусен сценэм къыхуигъэщIа цIыхут. «Къамботрэ Лацэрэ», «Тыргъэтауэ», «Лъэмыж», «Ящэмрэ къэзышэхэмрэ» спектаклхэм зэгъуэсу дыззэрихэтам срогушхуэ. Комедие жанрым куэдрэ щыджэгуну къыхуимыхуами, ар езыр гушыIэр хуабжьу зи щIасэ цIыхут.

Хъусен хьэл-щэн дахэ-хэр дэпIьагъуэт. Ар щхьэхуещэтэкъым, фыгъуэртэкъым, артист ныбжьыщIэхэм дэIэпыкъуэгъу къытхуэхъурт, диущийрт.

Хьэмыку Жаннэ:

- Токъуий Хъусенрэ сэрэ «Тыргъэтауэ», «Лъэмыж» спектаклхэм зэгъуэсу дыззэрыщыджэгуар сигу кьинэжащ.

Абы куэдрэ къыхуихуэрт спектаклхэм хэт лъэпкъ лIыхъужьхэм я ролхэр игъэззащIэну. Актёр жыджэрым ар икIи фIы дыдэу къехъулIэрт.

Хъусен хуэдэу адыгэ фащэр зэкIу къэгъуэтыгъуейт. И теплъэкIэ ар лъагъуэгъуафIэт, щхьэпэлъагэт, адыгэлI нэст. Еджакlуэ къикIыжа щIалэгъуалэм ар ди щапхъэгъэльагъуэт. Псом хуэмыдэу Токъуий Хъусен и псэльафэу щытахэм ящыщ куэд сигу кьинэжащ.

Зытхыжар
БЖЬЫХЬЭЛI Роззэщ.

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар
ТЕКIУЖЬ Заретэщ.

Уахътынщэ

Си гъащIэр театрым къыгуэхьипIэ имыIэу пыщIауэ сыкъоГуэгурыкIуэ. Псом хуэмыдэу си щIасэщ Адыгэ театрым и ехъулIэныгъэхэр, ахэр зи Iэужь актёрхэм я хъэтIыр, къагъэIурыщIэф лъагапIэхэр. Абыхэм сыщIегупсыскIэ куэдрэ сигу кьокIыж Москва дэт ГИТИС-м сыщыщIэсам ди егъэджакIуэ Гончаров Андрей жиIэрейуэ щыта мыпхуэдэ псалъэхэр: «АртистыфIхэр уиIэмэ, театрыфIи бгъэуты-нущ».

АКTЁРЫФI зэи щыщIакъым Адыгэ театрыр. Псом хуэмыдэу зэфIэкI зиIэ артист вагъуэбэ диIащ блэкIа лIэщIыгъуэм и хыщI гъэхэм. А лъэхъэнэм ди театрыр МХАТ етIуанэу убж хъунут - мыбы щылажьэрт Сонэ Мухьэрбий, Щэрий Азрум, Болэ Мурат, ТIыхъужь Алий, ДыщэкI КIунэ, Токъуий Хъусен сымэ.

ДерсыфI Iэджж къыззэыта актёр гъуэзэджхэм яхэсIэтыкIыну си гуапэщ Токъуийр. Сыт щхьэкIэ? Ар, пщIы хэмылъу, псоми къахэлыдыкIырт. ЗэфIэкIышхуэ иIэт. Роль нэхъыщхьэхэр абы фIахыртэкъым. Хъусен сэ нэхъыфIу къыщыщсцIыхуар 1957 гъэрщ, Джэримэсу «Дахэнагъуэ» спектаклым щыхэтащ. Токъуийм укъызэщIиIэтэу, дэрэжэгъуэшхуэ къуиту, уи псэм IэфIыгъэ гуэркIэ къыхыхьэу игъэзащIэрт бжэныхъуэм и ролыр.

Иджыпсту слъагъу хуэдэу къысфIощI «Палатэ» спектаклым щыщ зы пычыгъуэ цIыкIу. Сымаджэщым зы гуп щIэлт. Абыхэм яхэтт егъэджакIуэ (Токъуийр). Иригъаджэ цIыкIуэм щIэупщIакIуэ къыхухэкIуат (ахэр сценэм къихьэртэкъым), щхьэгъубжэмкIэ щепсэпльлIэу къытфигъэщIырт. Хъусен зыуэ гуапэу и гъэсэнхэм яIуплъэрт, зыуэ телъыджэу и нитIыр лыдырти, ар пэж дыдэу сабийхэм яхэпсэльыхь фIэкIа зэрыпщIэн щыIэтэкъым.

Апхуэдэ теплъэгъуэ Iэджэ гукъинэж сщищат Токъуийм. ЩапхъэфI дыдэщ ар Шолоховым и «ЩIыщIэ къэIэта» романым ящытращIыкIа спектаклым Нагульновыр зэрыхэтар. Спектаклым и кIэм Нагульновымрэ Давыдовымрэ (абы и ролыр зыгъэззэщIар Мысоостышхуэ Пщыгэбийщ) хокIуадэ. ЦIыхухэм фIыщIу закъэзыгъэльэгъуа а лIы хьэлэмэтитIым я «фэеплъ сынхэм» Щукарь дадэр (ТIыхъужь Алий) ябгъэдэсу щыплъагъукIэ, зэрыжаIэщи, уи гущIэм зыкъигъаззэрт...

Пхуэмыуэтэжьыным хуэдизщ актёр гъуэзэджэм я IэужьыфIхэр. Ахэр уахътыншэ щрехъу ди лъэпкъ гъуэзджэм и тхыдэм.

ТЕУВЭЖ Сультан, *режиссёр.*

Илъэс куэдкIэ садэлэжьащ сэ Токъуий Хъусенрэ абы и гъусэу Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и сценэм спектакль хьэлэмэтхэр щызыгъэуву, цIыхубэм езыгъэльагъуу щыта артист щэджащэхэмрэ. Хъусен зымыщIыху куэд щыIэтэкъым - ини цIыкIуи. ЯцIыху къудейм къыщымынэу, фIы дыдэу яльагъурт.

ЩОДЖЭНЩIЫКIУ Алий и цIэр зезыхьэ ди Къэбэрдей драмэ театрми, Москваи, нэгъуэщI къалэ зыбжанэм дэт театрхэми Токъуийр хэту репетицэ Iэджж, спектакль куэд сыщепльащ. Зэпымыуэз Хъусенрэ абы и ныбжьэгъуэхэмрэ я джэгукIэм сригуфIэрт, срипагэрт, сригушхуэрт. Гуапэкъэ апхуэдэ дэрэжэгъуэ бгъуэтыныр!

1982 гъэм и фокIадэ мазэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал драмэ театрым и гупитIри зэгъуэгу Москва яшауэ щытащ Театр ЦIыкIум зы тхьэмахуэкIэ зыкъыщагъэльэгъуэну. Ар джакIуэ Демин В., КПСС-м ЦК-м и инструктор Ильичевэ Н., нэгъуэщIхэми. Абыхэм я псалъэм къыхагъэщащ ролищ зыгъэззэщIа Токъуий Хъусен зэфIэкI тельыджэ зэрыбгъэдэлъыр. Москвадэсхэми икъукIэ ягу ирихьат «Тыргъэтауэ» спектаклыр. Абы къыхэкIкIэ а спектаклыр тIэуней дымыгъэльагъуэу хъуакъым.

Ди хьэщIэ лъапIэхэм яхэтт тхаIкIэ цIэрыIуэ КIыщокъуэ Алимрэ авиацэм и генерал-майор, Совет Союзым и ЛIыхъужь Къардэн Къубатийрэ. Хъусен сценэм къызэрихьэу, а тIум жалащ мыпхуэдизу:

- Токъуийр Совет Армэм хэтын хуейт, гвардиен и офицеру, нэгъуэщIхэм щапхъэфI яхэхъуж.

- Хьэуэ, ар ди Iэхъум къемызэгъынщ, - сыгушIащ сэри, абыхэм сабгъэдэсти, - Хъусен дзэм хэтамэ, хэтыт Джэгъэтэй и ролыр зыгъэзэщIэнур?

Сыт хуэдизкIэ Токъуийм ущытхъуми, мащIэщ. Абы теухуауэ тхылъ ятхыну къыдагъэкIамэ, хьарзынэт.

Ди щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ Хъусен щIыIгъа увыпIэм щыхьэт хуохъу мыри. Ошет властым и зэманым илъэситху планхэр зэфIэкIа нэужь, нэхъыфIу лэжьакъэм къэралым и дамыгъэ лъапIэхэр ирату щытащ. Нэхъ лъапIэр Ленин орденырт. НтIэ, а орденыр зэ закъуэ къыпIъагъэсати, фIыуэ дыхьэлпIэщ, дегупсыси, Токъуий Хъусен хуэдгъэфэщауэ щытащ. Къилэжьат ар абы!

АдыгэлI щэджащэр дыпсэуху дигу идгъэлъынщ, лъэпкъым хуилэжьар зыщыдмыгъэгъупщэу. Си фIэщ мэхъу Токъуий Хъусен и цIэр адыгэ лъэпкъым и тхыдэм игъащIкIэ зэрыхэтынур.

ЕФЭНДЫ Джылахъстэн, *КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министру илъэс куэдкIэ лэжьа.*

Гъуэгу пэж, гъуэгу гугъу

Театрыр гъуэзджэхэм я нэхъ хьэлэмэтщ, лъэпкъэр нэхъ зыхуэныкъуэщ. Драматург ин Островский Александр жиIэгъащ: «Академиеихэм, музейхэм, университетхэм хуэдэу, театрри лъэпкъыр зэрефIакIуэм и щыхьэт нэсщ. Дэтхэнэ лъэпкъри, лъэпкъ цIыкIури, анэдэлъхубзэри езым кьыдэхъуа театр иIэну, абы иригушхуэну хуитщ! Театрым зи гъащIэр езыпха цIыхур гъуэгу гугъу теувами, жыпIэ хьунущ гъуэгу пэж, гъуэгу махуэ теувауэ. Ар гъуэгу махуэщ, цIыхур дахагъэм хузбгъащIуэ, уеебгъаджэу щытщи...».

ЦIЫХУХЭР дахагъэм хуэзыгъасэ, фIым хуэзыщудай артист гъуэзэджэт Токъуий Хъусен. Ар ди къуажэхэм, къалэхэм, фIыуэ къыщацIыхурт. Ди лъэпкъ театрым зиужьынымкIи абы куэд хуэзфIэкIащ.

Токъуийм Налшык щыIа театральнэ студиер 1948 гъэм къиухащ. Ящэ махуэхэм щыщIэдзауэ Хъусен роль гуэрыкъэр къыхуагъэфащэ, зэфIэкI иIэуи зыкьеГъэлъагъуэ. Москва театральнэ институт къыщыщIэухахэм ядэхъун, ядэлэжьэфын папщIэ, Хъусен и къару еблэжакъым - театр гъуэзджэм теухуауэ литературэ куэд щIиджыкIащ.

Лъэпкъ тхыдэм, литературэ тхыгъэ цIэрыIуэхэм къахэкIа образхэм артист куэд пэлъэщырхьым. А образхэр щэнхабзэм гъэльэгъуэну къалэн зыщащIыр зэфIэкIыщхьэ зиIэхэрщ. Токъуийм мызэ-мытIэу цIыхубэм фIыуэ ялъагъу лIыхъужьхэм я образхэр сценэм щиуэзщIащ. Абыхэм ящыщщ Акъсырэ Залымхан и «Дахэнагъуэм» щигъэззэщIа Джэримэс и ролыр. ЦIыхубэ насыпым и лIыхъужьхэу бжэныхъуэ щIалэм и гуращи, и Хьэл-щэн, ар Дахэнагъуэм зэрыхуэпабгъэри ди фIэщ ищIу Хъусен дигъэльагъуфащ. ИкIи «Дахэнагъуэм» зэгуэр уеплъауэ Джэримэсыр пщыгъупщэжынкъым, уеблэмэ Токъуийм нэмыщI а ролыр нэгъуэщIым игъэзащIэу къыпхуэзыщIэхъуркъым.

Апхуэдэу гум къэнэж Хъусен «Къызбрунымэ» щищIа ЛIыхъусан, «Къанщобийрэ Гуащэгъаг!ырэ» Къанщобий сымэ я образхэр.

Дуней псом щыщIэрыIуэ пьесэхэм я лIыхъужь зыбжанэ Хъусен адыгэ сценэм щигъэлъэгъуащ: - Шекспир и «Ромеорэ Джульеттэрэ» спектаклым - къхулIэрт Ромео и ролыр. Назим Хикмет и «ЛъагъуныгI ыем и хьыбарым» Фархаду щыджэгуащ. Артистым псом хуэмыдэу къохъулIэ цIыхубэ насыпым щIэбэнхэм я ролхэр.

Токъуийр къызыхэкIа лъэпкъым и гуращэфIхэр къызыгурыIуэ цIыхут, адыгэ гъуэзджэм бжьыпэр щызыыгъэхэм я ящыщ зыт. Ар зи лэжьыгъэм щIэх арэзы темыхъуэ, сыт щыгъуи щIэ гуэр къззылъыхъуэ актёрт.

Шолоховым и «ЩIыщIэ къэIэтам» Нагульнову щыджэгуну Токъуийр щIэхъуэпсырт. Дунейпсо революцэм итхьэкъуа а цIыху щхьэмыгъазэм и образыр адыгэ сценэм зэрыщыгъэльэгъуэнум ящыщ зыт. Хъусен а образыр гуимыхужу, щIэщыгъуэу ди нэгу къыщIигъэуващ.

ДыщэкI КIунэ, ТIыхъужь Алий сымэ «ЩIыщIэ къэIэтам» зэфIэкI яIэу щыджэгурт. Театрым и артист нэхъыфIхэм спектаклыр драмэ театрхэм я урысейпсо еплъыныгъэм щагъэльэгъуати, щIыхь тхылъым и япэ нагъыщэр къыхуагъэфэщащ.

Хъусен нэгъуэщI образ куэди гуимыхужу ди сценэм къыщигъэщIащ. Артистым и зэфIэкIым зиузэщIащ, и зэфIэкIым хэхъуащ. Ауэ зыхунэсам ар зэи къыщыззэтеувыIакъым. И гуъэзджэмкIэ цIыхухэр фIым хуишэ зэпытт.

Хъусен ящыщтэкъым театрыр нэгуэгъэужьыпIэу къззылъытэхэм. Абы джэкIэ театрыр лэжьапIэт, гъуэзджэм и пэжыр къыщыщIаylукI кIыщт. А кIыщым сыт щыгъуи езыр гъукIэгъэсэну щылъащэу зыкъыщыхъужьырт. Аращ и гуащIэ щIемыблэжар. Арат абы мыпхуэдэу щыжиIэри:

«Артистыр, дапхуэдэу Iэзэми, образым лъыхъуэн хуейщ. ЗыкъыфIэмыщIыжу, емыязэшу гъащIэм хуеджэну, цIыху хьэл Iэджэм ихьэфу щытын хуейщ».

А псалъэхэм КIаIатэ Токъуий Хъусен лэжьыгъэм зэрыхуэпэжар, гумызагъэу зэрыхущытар.

Театрым зэрыщылэжьа зэманым Хъусен щIыхь тхылъхэр, медалхэр хуэхуэгъэфэщащ. Ауэ ар псом хуэмыдэу нэхъ зэрыгушхуэ, ди къэралым и дамыгъэ нэхъ лъапIэ дыдэт Ленин орденыр. КъыхэгъэщIыпхъэщ, Къэбэрдей-Балъкъэр драмэ театрым и актёр нэхъыфIхэм ящыщу апхуэдэ дамыгъэ зратар абы и закъуэу зэрыщытыр. Ар и щыхьэтщ Токъуий Хъусен и зэфIэкIыр лъагэу зэрыщытам.

ТХЬЭЗЭПЛЪЫЖ Ислъам.

Къумахуэ Мухьэдин

● Гъэлъэгъуэныгъэ

Гъуазджэм итхьэкъуа сурэтыщI Газаев Узеир

Ткаченкэ Андрей и цIэр зезыхьэ Сурэтыщ1 гъуазджэхэмкIэ музейм Щэрэдж щыналъэм щыщ сурэтыщI Газаев Узеир и Iэдакъэщэкlэхэм я гъэлъэгъуэныгъэ иджыблагъэ къыщыщэIуахащ.

«СИ БАЛЪКЪЭР» гъэлъэгъуэныгъэм сурэтыщIыр къыщыхэкIа лъэпкъым и псэукIар, и цIыхухэр, щIыуэпсым и дахагъэр нэIурит щищIырт.

КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин жиIащ Газаевым и лIыхъужьхэр гум кьинэжу зэрыщытыр.

- Абы зи сурэт ищIахэм зэпIэзэрытыныгъэ, гупсысэ куу зэраIэр я нэгу къощ, а хьэлхэр езы сурэтыщIми дыболъагъу, - къыхигъэщащ Къумахуэм.

- Узеир хуэдэщ цIыхубэ Iэщ1агъэлкIэ зэджэр. Плъыфэхэр зэкIуу къеГъэсэбэп, абыкIэ цIыхум, дунейм и гукъыдэжыр гъэщIэгъуэну къегъэлъагъуэ. Ар сыт хуэдэ жанрми щылэжьэф сурэтыщIщ. Сэ сызэрелъыимкIэ, псом хуэмыдэу абы анэм и сурэтыр кьехъулIащ. Балъкъэр лъэпкъым дежкIэ фIыгъуэшхуэщ апхуэдэ зэфIэкI лъагэ зиIэ сурэтыщI къыщэрытхэкIар, - жиIащ цIыхубэ Iэщ1агъэлI Мокаев Владимир.

Шэджэм щIыналъэм и администрацэм и унафэщIым и къуэдзэ Ульбашев Сыхьэтдин Узеир и зэчий иным зэрехъуапсэр ибзыщIакъым икIи абы и гъэлъэгъуэныгъэ куэд щIауэ ящIыну зэрыкъэфащэри къыхигъэщащ.

Газаевым и выставкэр хуэзыгъэхьэзыра псоми фIыщIэ псалъэкIэ захуигъэза иужь, и творчествэр фIыуэ зыльагъухэр иджыри зы гъэлъэгъуэныгъэкIэ игъэгуфIэну кьигъэгъащ.

ТЭРЧОКЪУЭ Дисэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Газаев Узеир

Гъатхэпэм и 14-м, Адыгэбзэм и махуэм, Къаныкъуэ Заринэ зи унафэщI «Жан» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и нэIэ щIэту лажьэ литературэ хасэм Сэралъп Мадинэ и Арт-центрым уэсэ пшыхь къыщыызэригъэпэщащ.

Уадыгэным куэд дыдэ къокI

● Щэнхабзэ

РЕСПУБЛИКЭМ щыпсэу куэдым фIыуэ ялъэгъуа, псэр зыгъэшуэ уэсэкар щыIу пшыхь дахэхэр къызэзыгъэпэщ хасэм и иджырей зэхьхьэри гъэщIэгъэун хъуат. Усэбзэм хуэдэу анэдэлъхубзэр иIэтрэ игъэбзэрабзэу сыт щыIэ?! Налшык дэт Щэнхабзэмкlэ уардэунэм и режиссёр нэхъыщхьэ Гумэ Маринэ зэIущIэр къызэIуиха иужь, Адыгэбзэм и махуэр зэраубзыхуам, ар гъэлъэпIэныр зэпха щхьэусыгъуэхэм кIэщIу и гугъу ищIри, щIэблэм утыкур хуит яхуищIащ.

«Жан» литературэ хасэм пшыхьыр къыщыззэригъэпэщым усэ кьеджэу зэбгрыкIыжьным и закъуэкъым мураду иIар, атIэ иужьрей зэманым щIэблэм яфIэфIу щатIагъэ хъуа лъэпкъ фащэр щIэблэм къыщIащтэ щхьэусыгъуэфIэхэм кьахэгъэхъуэнырщ. Лъэпкъыбзэмрэ фащэмрэ къуэпс быдэкIэ зэпхащ. Лъэпкъыр зыгъэлъэпкъ Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ а тIури. Гухэхъуэт пшыхьым усэ къыщеджа ныбжьыщIэ цIыкIуэхэм фащэ екIур ящыгъэуу, адыгэбзэкIэ псалъэу щыпIыгъукIэ.

Адыгэбзэр хъумэным, лъэпкъым зы литературэбзэ диIэным и мыхьэнэр зэрыиным теухуауэ къэпсэлъащ «Адыгэ унэ» тыкуэныр зей IутIыж Мэжид.

Бзэм, хабзэм, лъэпкъым теухуауэ щхьэж и псэм пэгъунэгъу усэхэм кьеджащ Борсэ Саидэ, Лыхь Лаурэ, Битокъу Маринэ, Къэшэж Беслъэн, Уэтей Хьэзэм, Къаныкъуэ Иннэ, Сыжажэ УэIил, ЛIыгуащIэ Радимэ, Нэчо Астемыр, Дохъушокъуэ Санитэ, Машэжь Дианэ, БышэнИслъам, Иуан Иринэ, Щомахуэ Залинэ сымэ.

Усэ пшыхьым шыкIэпшынэ щеуащ Уэтей Хьэзэм, Шэджыхьэщ1э Зурьят, Дым Аслъэнджэрий сымэ. Къызэхуэсахэм я гукъыдэжыр пшынэбзэкIэ къИэтащ Тхьэлыджокъуэ Сюзанне.

ЗэIущIэр Бемырзэ Мухьэдин и «Уадыгэным къикIыр» усэмкIэ зэхуащIыжащ.

ИНЭРОКЪУЭ Данэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Дохъушокъуэ Санитэ

Къэшэж Беслъэн

ЛIыгуащIэ Радимэ

Сыжажэ УэIил

Щомахуэ Залинэ

Къаныкъуэ Иннэ

ТекIуэныгъэр «ищхъэрэ къалащхьэмI» щызыIэщIагъэкI

● Футбол

«Зенит-2» (Санкт-Петербург) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 1:1 (0:0). Санкт-Петербург. «Петровский» стадион. Гъатхэпэм и 18-м. Щыху 400 еплъащ.

Судьяхэр: Куликов (Саранск), Суховерхов (Воронеж), Миневич (Смоленск).

«Зенит-2»: Бабурин, Зуев, Карпов, Чернов, Зуйков (Евсеев, 51), Батютин (Исаев, 45), Сиротов, Бавин, Зырянов (Лесовой, 60), Погребняк, Проничев (Крапухин, 73).

«Спартак-Налшык»: Антипов, Мурачёв, Кузнецов, Марченкэ, Семёнов, Войнов (Каркаев, 70), Крамаренкэ, Дроздов, Мухьэммэд (Соблир, 68), Багъэтыр (Гъурф, 51), Бойчук (Ахъядов, 77).

Топхэр дагъэкIащ: Мухьэммэд, 37 (0:1). Зуевым, 88 (1:1).

Дагъуэ къыхуащIащ: Зуйковым, Кузнецовым, Погребняк, Марченкэ.

45-нэ дакъикъэм Погребняк пенальти хуэдэгъэкIакъым.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкIэ и я1пэ дивизионым 2016-2017 гъэхэм щекIуэкI зэхьэзэхуэм мы гъэм зэрыщIадзэжкъэ «Спартак-Налшыкым» зы текIуэныгъи зыIэригъэхьэфакъым. Пэжщ, икIи зэи къыхагъэщIакъым. Мис аргуэрои, Санкт-Петербург щыджэгуу, зэIущIэр ихуныим дакъикъитI фIэкIа къэмынэжауэ, текIуэныгъэр зыIэщIагъэкIащ.

Дауи, нэгъуэщI щIыпIэхэм ущыIэу укъыщыхъамыгъэщIэну куэд и уасэщ. Псом хуэмыдэу ар Мэзкуурэ Санкт-Петербургрэмэ. Абы щыгъуэми къыптохьылъэ упэгъунэгъу дыдэу текIуэныгъэр щыпIэщIэкIым и деж. Махуищ ипэкIэ, «Динамо»-м дэджэгу, я1пэ щищам я хьэрхуэрэгъуэм псынщIэ дыдэу бжыгъэр зэхуэдэ ящIыжащ. Иджы «ищхъэрэ къалащхьэм» дакъикъитI къудейкIэ зыхуагъэшэчыжьыфакъым.

Санкт-Петербург щыIа джэгум ди щIалэхэм я дежкIэ хъарзынэу кьыщIидзат. Хэгъэрейхэм яебгъэрыкIуэныгъэ къэскIэ абыхэм хуэфащэн жэуап иратыжьыфырт. Уеблэмэ я1пэ Iыхьэр щиухьи ирихьэлIэу «Спартак-Налшыкым» тепщэныгъэр иубыдат. Абы и фIыгъэкIэ Мухьэммэд Шариф 37-нэ дакъикъэм хьэщIэхэр я1пэ иригъэщат.

Апхуэдэхэм и деж кьызэрыхъу хабзэти, бжыгъэр зэхуэдэ ящIыжину хэгъэрейхэм нап1эзэпIэм зрагъащ. ИкIи мыгувэу ахэр абы пэгъунэгъу дыдэ хъуат. Ди гъуэм кIуэ топым налшыдэсхэм я гъуащхьэхъумэхэм ящыщ зым Iэкlэ кьиригъэгъэзащ. Дауи, судьям метр пщыкIуэм и деж игъэлъэгъуащ. Пенальтир иГъэззащIэну бгъэдыхьащ «Зенит-2»-м и гъуащхьауэ Погребняк Кирилл. И къару кьызэрихькIэ ар гъуэм еуащ, арщхьэкIэ Антипов Антон абы хуэхьзыру къыщIэкIащ икIи топыр кьиубыдащ! Ар нэщэнэфIт текIуэныгъэм ущыигугъыну.

Загъэпсэхуу кьихьэжа иужькIэ санкт-петербургдэсхэр нэхъ ерыщыжу ебгъэрыкIуэ хъуащ. «Спартак-Налшыкыр» нэхъыбэу зэлIалIэр текIуэныгъэр къыхуэзыхь бжыгъэр зэрихъумэнырат. АрщхьэкIэ хуэзфIэкIакъым. Уеблэмэ, къыхагъэщIэным зымащIэ дыдэщ иIэжар - иужь дыдэ дакъикъэхэм Антиповым аргуэру ди командэр къригъэпащ.

Зи чэзу зэрытемыгъэкIуэныгъэм къыхуихьа очко закъуэм «Спартак-Налшыкыр» аргуэру «щыхупIэм» зымащIэкIэ къыщхьэщишащ. Адэкlэ зэрыхъунур хэт ищIэн?

Иджы фыщыдгъэгъуэзэнщ я1пэ дивизионым иужьу щекIуэкIа зэIущIэхэм къарикIуа бжыгъэхэм: **«Тюмень»** (Тюмень) - **«Тамбов»** (Тамбов) - **0:0**, **«Енисей»** (Красноярск) - **«Тосно»** (Ленинград область) - **0:1**, **«Нефтехимик»** (Нижнекамск) - **«Волгарь»** (Астрахань) - **2:0**, **«Шинник»** (Ярославль) - **«СКА-Хабаровск»** (Хабаровск) - **1:0**, **«Балтика»** (Калининград) - **«Луч-Энергия»** (Владивосток) - **0:0**, **«Факел»** (Воронеж) - **«Сибирь»** (Новосибирск) - **2:0**, **«Кубань»** (Краснодар) - **«Мордовия»** (Саранск) - **2:0**, **«Спартак-2»** (Мэзкуу) - **«Динамо»** (Мэзкуу) - **1:1**.

«Сокол» (Саратов) - «Химки» (Химки) зэIущIэр ягъэIэпхъуащ.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр «Спартак-Налшыкым» нобэ, гъатхэпэм и 22-м, иригъэкIуэкIынущ. Бжьыхьэ кIуам (щэкIуэгъуэм и 19-м) Тюмень къалэм хуабжьу зэрыщыщыIам къыхэкIыу ягъэIэпхъуа зэIущIэр ди щIалэхэм къапэщIылъщ.

ЖЫIЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и я1пэ дивизионым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Динамо»	27	17	8	2	44-19	59
2. «Тосно»	27	15	9	3	45-20	54
3. «СКА-Хабаровск»	27	11	10	6	32-22	43
4. «Шинник»	27	11	9	7	30-23	42
5. «Факел»	27	11	9	7	27-22	42
6. «Спартак-2»	27	11	8	8	41-31	41
7. «Енисей»	27	11	5	11	31-30	38
8. «Тамбов»	27	9	9	9	25-23	36
9. «Кубань»	27	8	11	8	29-28	35
10. «Луч-Энергия»	27	9	7	11	20-28	34
11. «Химки»	26	8	10	8	25-31	34
12. «Тюмень»	26	8	10	8	29-30	34
13. «Зенит-2»	27	7	12	8	30-32	33
14. «Спартак-Налшык»	26	6	12	8	20-22	30
15. «Сибирь»	27	6	12	9	21-28	30
16. «Волгарь»	27	8	5	14	27-37	29
17. «Сокол»	26	5	13	8	28-38	28
18. «Мордовия»	27	7	5	15	25-38	26
19. «Нефтехимик»	27	5	7	15	21-36	22
20. «Балтика»	27	3	13	11	16-28	22

Илъэс къэс ирагъэкIуэкI

Гъатхэпэм и 24-м Шэджэм щIыналъэм щагъэлъэпIэнущ «Сабий тхылъым и тхьэмахуэр».

КъАЛЭМ и библиотекэ нэхъыщхьэм и унафэщI Тхьэмокъуэ Еленэ зэрыжиIэмкIэ, илъэс къэс ирагъэкIуэкI мы Iуэхум жыджэру хэтщ тхылъ еджэным дихьэх жылагъуэдэс сабийхэр.

«Зы илъэси кьанэркьым республикэпсо зэпеуэм увыпIэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зы кьыщыдмыхьу». Къызэдгъэпэщ Iуэхум хэтынущ Ахъуэхъу Марьянэ. Абы илъэсым кьурибыдэу тхылъ нэхъыбэ щIиджыкIащ, - жиIащ Тхьэмокъуэм. Шэджэмым и щIыналъэ тхылъ хъумапIэр, езым хуэдэ адрейхэми ещхьу, и лжьыгъэр ипэкIэ зэригъэкIуэтэным, щIэджыкIакIуэ нэхъыбэ кьызэригъэпэщIэным хущIокъу.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● МафIэс

Сонэ Жантемыр и ехъулIэныгъэ

КъБР-м МафIэсым пэщIэтынымкIэ и къэрал къулыкъум щекIуэкIащ 2017 гъэм и «Газодымозащитник нэхъыфI» еплъыныгъэ-зэпеуэ. Абы хэтащ республикэм мафIэсым зыщыхъумэнымкIэ и Iэнатlэ псоми я мафIэсгъэункIыфIкэр.

ЕПЛЪЫНЫГЪЭ-зэпеуэр щекIуэкIым трагъэщIащ теорие и лъэныкъуэкIэ зэрыхуэхьэзырым, СИЗОД Iэмэпсымэхэр зэрылажьэр тэмэму икIи псынщIэу кьызэрапщытэм.

Газым, Iуэгуэм зэщIищта, ущымыбэуэф щIыпIэм щагъэлажьэр мафIэсгъэункIыфIкъым, атIэ апхуэдэ къэхъукъащIэм хэхуэр хуагъэхьэзыра Iэщ1агъэлIщ.

Еплъыныгъэ-зэпеуэм кьурикIуахэмкIэ КъБР-м и ГПС-м и газодымовщик нэхъыфI хъуащ Дзэлыкъуэ районым и Кьармэкъэблэ къуажэм щыIэ мафIэс часть №17-м и лжьакIуэ Сонэ Жантемыр. ЕтIуанэ увыпIэр кьихьащ Бахъсэн щIыналъэм и Кременчуг-Константиновскэ къуажэм дэт мафIэс часть №25-м и газодымовщик Гугъуэт Хьызыр, Абрэдж Аслъэн - ещанэщ (Лэскэн хьихьэ Анзорей къуажэм щыIэ мафIэс часть №14).

КъБР-м мафIэсым пэщIэтыныимкIэ и къэрал къулыкъуэм и пресс-Iуэхущ1апIэм и лжьакIуэ Сэбан Арсен къызэрыджIащи, мыпхуэдэ зэпеуэм зэкIэлъыкIуэу иджы ещанэу щытокIуэ Бей Мурат зи унафэщI ПЧ-17-м и лжьакIуэр. 2015, 2016 гъэхэм республикэм газым, Iугъуэм щызэхъуэмэ IэщIагъэлI нэхъыфIу иIар Мэкъуауэ Ахьмэдщ.

УАРДЭ Жансурэт.

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

Ядыгъуар къытрахыж

Прохладнэ къалэм дэт тыкуэнхэм я зыр зей цIыхухэм 2017 гъэм гъатхэпэм и 15-м Урысей МВД-м и «Прохладнэ» къудамэм и плъыр частым зыхуигъэзащ. Абы зэрыжиIамкIэ, жэщым бзаджащIэхэм щхьэгъубжэм хэлъ гъущ1 хъарыр хатхъри, тыкуэным щIыхьащ икIи сом 148000-рэ и уасэ хьэпшыпI щIадыгъукIащ. Уголовнэ къэлъыхъуэныгъэмкIэ къудамэм и лэжьакIуэхэм плъыр-пост къулыкъум и полицейхэм ящIыгъуу шэч зыхуащIхэр яубыдащ. Ахэр нэхъапэми суд зытращIыхьауэ щытащ, илъэс 38-рэ, 20 зи ныбжь щIалэхэт. Прохладнэ къалэм щыщхэу. Ядыгъуахэр къытрахыжащ.

IУЭХУР щызэхагъэкIым, къыщIагъэщащ яубыдахэр иджыри зы щIэпхъаджагъэм зэрыпыщIар. А жэщ дыдэм абыхэм Грейдернэ узрамым тет унэхэм я зым деж щыт «Рено» хьэлъэзешэ автомашинэм сом 30000 и уасэ проигрывателрэ планшетрэ кърахащ. Ябубдахэм ялэжьамкIэ заумысыжащ, ядыгъуахэр иратыжащ.

Уголовнэ Iуэхуэхэр къалэтащ.

Хабзэм йобакъуэ

Урысей МВД-м Шэджэм районымкIэ и къудамэм полицэм и участковэ уполномоченнэхэм я нэIэм щIэт административнэ щIыпIэр къыщыщэхакIуэхьым, къыщIагъэщащ хамэ къэрал гъунэгъум щыщ зэщхьэгъусэхэр нэпцIу Нартан къуажэм зэрыщатхар.

УНЭР ЗЕЙМ УФ-м и УК-м и 322,2-нэ статьям къыщыщIэлъэгъуа щIэпхъаджагъэр илэжьауэ уголовнэ Iуэху кьаIэтащ.

КъБР-м къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ щыIэ министерствэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жьэкlэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и я1пэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Нэщ1эпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Изэ.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэжмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленениим и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхуэхэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлэжьэныкъуэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъ Къбр-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Ленениим и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дыщэкl Соня,** *редактору* **Хьэжыкъарэ Алик,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(2, 3-нэ нап.),* **ПIэхытIыкI Азэмэт** *(1, 4-нэ нап.) корректорхэм я дэIэпкъуэгъу* **Наужьокъуэ Заирэ.** *Компьютеркlэ газетым и теплъэр яущащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаниэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзырац.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.711 ● Заказ №334